

**NILAI MORAL SAJRONE CRITA RAKYAT BOJONEGORO
PRABU ANGLING DARMA KANG WICAKSANA
ANGGITANE SUHARMONO K: TINTINGAN RESPSI SATRA**

Oktarina Dwi Pratiwi

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
oktarinadwipratiwi@yahoo.com

Drs. Murdiyanto, M.Hum

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Cita rakyat Bojonegoro *Prabu Angling Darma kang Wicaksana* iki mujudake cita rakyat abasa Jawa reriptane Suharmono K. Cita rakyat Bojonegoro *Prabu Angling Darma kang Wicaksana* iki sabanjure dicekak dadicita rakyat Bojonegoro PADW. Cita rakyat minangka tradhisi lesan kang tuwuh ing masyarakat lan sumebar kanthi cara lesan, ing kasunyatanane cita rakyat saiki wis akeh kang awujud tulis. Sajrone cita rakyat kebak nilai-nilai moral kang bisa didadekake patuladhan kanggo ndhidhik para bocah lan kanggo mbedakake ngenani bab kang bener lan ora bener. Panliten iki nduduh pamawase pamaca tumrap cita rakyat PADW kanthi nggunakake tintingan resepsi sastra.

Panliten iki bakal ngonceki pamawase pamaca tumrap cita rakyat Bojonegoro PADW, kanthi tujuan bisa meruhi pamawas saka akeh pamaca. Pamaca kang dionceki ing kene ana telung perangan pamaca. Sepisan pamaca biyasa (masyarakat) kang cacahé ana lima pamaca. Kapindho pamaca ideal (mahasiswa) kang cacahé ana lima pamaca. Kaping telune pamaca eksplisit (siswa) kang cacahé ana lima pamaca.

Underane panliten sajrone panliten iki yaiku 1) kepriye nilai moral sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K; (2) kepriye resepsine pamaca sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K. Selaras karo underane panliten dingerteni tujuan saka panliten iki yaiku (1) njlentrehake nilai moral sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K; (2) ngandharake pamawase pamaca ngenani cita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K.

Asile panliten iki bisa diperang dadi loro adhedhasar underane panliten. Sepisan, wujudé nilai moral sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW ana pitu yaiku (1) adil lan wicaksana; (2) jujur; (3) ngugemi janji; (4) ora grusa-grusu; (5) aja ndadekake prakara cilik dadi gedhe; (6) patrape pemimpin kang becik; (7) setya marang garwa. Pamawase pamaca tumrap cita rakyat Bojonegoro PADW ana pitu, yaiku (1) cita rakyat Bojonegoro PADW cita kang narik kawigaten amarga nyritakake sawijining Raja kang nduweni sipat becik yaiku wicaksana lan nyritakake ngenani asal-usul sawijining papan; (2) kebak nilai moral kang bisa dadi patuladhan kanggo nglakoni urip padinan, masia critane kasebut kalebu cita sing cekak banget; (3) tema lan nilai moral kang paling onjo sajrone cita yaiku kawicaksanan; (4) basa kang digunakake gampang dingerteni dening para pamaca nanging yen digunakake kanggo piwulangan ing sekolah kurang trep amarga ana saperangan ukara kang nggunakake basa campuran antarane basa ngoko, basa krama, lan basa Indonesia; (5) pamaca biyasa anggone menehi pambiji tumrap cita rakyat Bojonegoro PADW luwih nengenake ing bab nilai morale yaiku adil lan wicaksana; (6) pamaca ideal bisa ndeleng saka maneka pamawas. Bisa ndudut gambaran sing ana sajrone cita rakyat kasebut ora mung winates ing nilai moral mligine kawicaksananane Prabu Angling Darma. Saliyane kuwi pamaca ideal njlentrehake unsur-unsur kang ana sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW kanthi gamblang. Ora mung nilai moral, nanging tema, paraga, alur, lan latar kanthi runtut; (7) pamaca eksplisit nduweni pamawas sing meh padha karo pamaca ideal nanging rada kangelan kanggo njlentrehake kanthi luwih jero. Pamaca eksplisit uga menehi gambaran nilai moral kang ana sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW, nanging ora kanthi jero kaya dene pamaca ideal. Pamaca eksplisit menehi pambiji mung winates ing kawruh sing diduweni.

Abstrak

Cerita rakyat Bojonegoro *Prabu Angling Darma kang Wicaksana* ini merupakan cerita rakyat berbahasa Jawa karya Suharmono K. Cerita rakyat Bojonegoro *Prabu Angling Darma kang Wicaksana* ini kemudian disingkat menjadi cerita rakyat Bojonegoro PADW. Cerita rakyat sebagai tradisi lisan yang hidup dimasyarakatkan dan tersebar secara lisan, pada kenyataannya cerita rakyat sekarang sudah banyak yang berbentuk tulisan. Di dalam cerita rakyat penuh dengan nilai-nilai moral yang bisa dijadikan contoh untuk mendidik anak-anak dan untuk membedakan mengenai hal yang benar dan tidak benar. Penelitian ini akan mengkaji tanggapan pembaca terhadap cerita rakyat PADW dengan menggunakan kajian resepsi sastra.

Penelitian ini akan menganalisis tanggapan pembaca terhadap cerita rakyat Bojonegoro PADW, dengan tujuan bisa mengetahui pendapat dari banyak pembaca. Pembaca yang akan dianalisis disini ada tiga bagian pembaca. Pertama pembaca biasa (masyarakat) yang jumlahnya ada lima pembaca. Kedua pembaca ideal (mahasiswa) yang jumlahnya ada lima pembaca. Ketiga pembaca eksplisit (siswa) yang jumlahnya ada lima pembaca.

Rumusan masalah dalam penelitian ini yaitu (1) bagaimana nilai moral dalam cerita rakyat Bojonegoro karya Suharmono K; (2) bagaimana resepsi pembaca dalam cerita rakyat Bojonegoro PADW karya Suharmono K. Sesuai dengan rumusan masalah maka diperoleh tujuan dari penelitian ini adalah (1) menjelaskan wujud nilai moral dalam cerita rakyat Bojonegoro PADW karya Suharmono K; (2) mendeskripsikan tanggapan pembaca terhadap cerita rakyat Bojonegoro PADW karya Suharmono K.

Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode deskriptif kualitatif. Sumber data yang digunakan dalam penelitian ini adalah cerita rakyat Bojonegoro PADW karya Suharmono K dan tanggapan pembaca melalui angket terhadap cerita rakyat Bojonegoro tersebut. Datanya adalah frasa, kata dan kalimat dari cerita rakyat Bojonegoro PADW karya Suharmono K. Dalam mengumpulkan data tersebut digunakan teknik angket. Dalam melakukan analisis data digunakan metode deskriptif analisis dengan kajian resepsi sastra.

Hasil dari penelitian ini adalah nilai moral dalam cerita rakyat Bojonegoro PADW ada tujuh, yaitu (1) adil dan bijaksana; (2) jujur; (3) menepati janji; (4) jangan tergesa-gesa; (5) jangan menjadikan masalah kecil menjadi besar; (6) contoh pemimpin yang baik; (7) setia terhadap pasangan. Taggapan pembaca terhadap cerita rakyat Bojonegoro PADW ada tujuh, yaitu (1) cerita rakyat Bojonegoro PADW merupakan cerita yang menarik karena menceritakan seorang Raja yang mempunyai sifat baik yaitu bijaksan dan menceritakan mengenai asal-usul suatu tempat; (2) penuh dengan nilai moral yang dapat dijadikan contoh di kehidupan sehari-hari (3) tema dan nilai moral yang paling utama dalam cerita yaitu kebijaksanaan; (4) bahasa yang digunakan mudah dimengerti oleh pembaca tetapi bila digunakan untuk pembelajaran di sekolah kurang sesuai karena ada sebagian kalimat yang menggunakan bahasa campuran antara bahasa ngoko, bahasa krama, dan bahasa Indonesia; (5) pembaca biasa dalam menilai cerita rakyat Bojonegoro PADW lebih menonjolkan nilai moralnya yaitu adil dan bijaksana; (6) pembaca ideal bisa melihat dari berbagai pandangan. Dapat ditarik kesimpulan gambaran yang ada dalam cerita rakyat tersebut tidak hanya sebatas pada nilai moral khususnya kebijaksanaan Prabu Angling Darma. Selain itu pembaca ideal menjelaskan unsur-unsur yang ada dalam cerita rakyat Bojonegoro PADW dengan jelas. Tidak hanya nilai moral, tetapi tema, tokoh, alur, dan latar dengan urut; (7) pembaca eksplisit mempunyai pandangan yang hampir sama seperti pembaca ideal tetapi agak kesulitan untuk menjelaskan dengan lebih dalam. Pembaca eksplisit juga memberi gambaran nilai moral yang ada dalam cerita rakyat Bojonegoro PADW, tetapi tidak terlalu dalam seperti pembaca ideal. Pembaca eksplisit memberi penilaian hanya sebatas pengetahuan yang dimiliki.

PURWAKA

Lelandhesane Panliten

Karya sastra nduweni piguna sing maneka warna. Piguna kasebut bisa kanggo pamaca lan pangripta. Ana maneka pamawas gegayutan tumrap pigunane karya sastra. Wellek sajrone Siswanto (2008:87) ngandharake fungsi karya sastra, yaiku nglipur sarta ngajarake samubarang kang gegayutan karo konsepe *Horace* ngenani *duice et utile*, yaiku sastra iku endah lan nduweni piguna. Bab iku uga selaras karo pamawase Sarumpaet (2010:37) sing ngandharake kanthi cara maca sastra pamaca bakal oleh kawruh lan panglipur. Pigunane panglipur ing sastra iku bisa agawe pamaca, mligine bocah, bakal ngrasakake seneng anggone maca lan ngrungokake crita amarga bocah bakal oleh kasenangan batin saengga bisa nuntun kapinteran emosionale.

Karya sastra kebak nilai moral lan minangka wujud *ekspresi* pangarasa kang dirasakake saben pawongan. Miturut Nurgiyantoro (1994:321) nilai moral yaiku piwulangan becik-ala kang ditampa kanthi umum ngenani solah bawa, tumindak, budi pekerti lan susila. Nilai moral kuwi trep banget yen digunakake kanggo nggulawenthah bocah. Nilai moral kuwi kudu dicakake marang bocah, wiwit bocah isih cilik durung bisa ngomong lan maca. Lumrahe, bocah oleh piwulangan ngenani nilai moral kasebut lumantar sastra lisan lan sastra tulis. Sastra lisan sumebar saka crita-crita kang dicritakake dening wong tuwane lan wong liya.

Suwalike sastra tulis sumebar kanthi cara ditulis dening pangripta lan dicethak kanthi wujud buku crita utawa sajrone majalah-majalah basa Jawa.

Salah sawijine wujud karya sastra yaiku sastra dhaerah. Sastra dhaerah kuwi perlu dilestariake supaya tetep ngrembaka ing jagate kasusastran Jawa. Salah sawijine wujud sastra dhaerah kang prelu dilestarekake yaiku crita rakyat. Crita rakyat yaiku sastra tradhisional jalaran mujudake asile karya kang dilairake saka saperangan masyarakat kang isih ngugemi nilai-nilai kabudayan kang asipat tradhisional Dharmajo (1998:21). Panliten iki arep nintingi salah sawijine crita rakyat saka tlatah Bojonegoro. Crita rakyat Bojonegoro kang bakal diteliti yaiku kanthi irah-irahan *Prabu Angling Darma kang Wicaksana* anggitane Suharmono K.

Punjere panliten iki yaiku ana ing resepsine pamaca marang crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono Kasiyun. Salah sawijining reriptan sastra yen tanpa anane pamaca bakal mati tanpa makna lan arti. Mula saka kuwi, saka perangan pragmatik bab sing wigati yaiku karya sastra bisa nuwuhake kesenangan utawa dadi panglipure pamaca. Pamaca ing kene mujudake salah sawijining bab kang wigati sing nyebabake pengarang ngripta karya-karya sing luwih apik maneh. Panliten iki nggunakake pamaca kanthi

pamawase Djoyosuroto (2005:64) kang merang jinise pamaca dadi telu yaiku pamaca biyasa, ideal lan eksplisit.

Panliten kanthi teori resepsi sastra iki, kang dadi objek panliten yaiku pamaca utawa masyarakat. Bab pamaca kang dionceki sajrone panliten iki kaya kang diandharake mau yaiku kaperang dadi telung perangan. Adhedhasar andharan kasebut trep banget yen panliten iki nggunakake irah-irahan *Nilai Moral Sajrone Crita Rakyat Bojonegoro "PADW" anggitane Suharmono K* kanthi tintingan resepsi sastra.

Adhedhasar landhesane panliten sing wis diandharake sadurunge, bisa diasilake underane panliten kaya mangkene:

- 1) Kepriye nilai moral sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K?
- 2) Kepriye resepsine pamaca sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K?

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Resepsi Sastra

Tembung resepsi sajrone sastra asale saka basa latin, yaiku saka tembung *recipere* sing tegese nampa utawa ngrasakake reriptan sastra kang diwaca dening pamaca (Endraswara, 2006:118). Resepsi sastra kalebu salah sijine tintingan kanggo nganalisis reriptan sastra. Junus (1985:1) ngandharake resepsi sastra yaiku carane pamaca menahi makna marang reriptan sastra kang diwaca, saengga bisa menahi reaksi utawa tanggapan marang reriptan sastra kasebut.

Panliten resepsi sastra bisa ditindakake kanthi cara sinkronis lan diakronis. Pradopo (2010:167-168) ngandharake menawa panliten sastra kanthi cara sinkronis yaiku panliten resepsi tumrap sawijining teks sastra kang nggunakake pamaca saperiode, dene panliten diakronis yaiku panliten resepsi tumrap sawijining teks sastra kang nggunakake tanggapan pamaca saben periode. Pamawas mau meh selaras karo pamawase Ratna (2011:167-168) sing ngandharake menawa panliten resepsi sinkronis yaiku panliten resepsi sastra sing ana gegayutane karo pamaca saperiode. Panliten resepsi sinkronis iki bisa ditindakake kanthi nganalisis response pamaca saperiode kanthi teknik wawancara utawa angket. Resepsi diakronis yaiku wujud panliten resepsi kang nggayutake pamaca wiwit sastra iku ana nganti sateruse. Panliten resepsi diakronis iki mbutuhake dhata dokumenter sing meh padha utawa saemper.

Kategori Pamaca Resepsi Sastra

Pamaca mujudake bageyan wigati sing nyebabake pangripta ngripta reriptan sastra. Konsep resepsi yaiku nliti panampane pamaca marang reriptan sastra kang diwaca. Saben pamaca kuwi mesthi nduweni respon kang beda tumrap reriptan sastra kang diwaca. Ana pamawas kang merang jinis-jinise pamaca. Djoyosuroto (2005:64) merang jinise pamaca dadi telu yaiku pamaca biyasa, ideal lan eksplisit. Pamaca biyasa yaiku pamaca kang maca karya sastra mung saderma kanggo panglipur dhiri, dudu digunakake kanggo panliten, dene pamaca ideal yaiku pamaca kang maca

karya sastra kanthi tujuwan karya sastra kasebut didadekake panliten, banjur pamaca eksplisit yaiku pamaca kang dituju reriptan sastra kanthi sumirat utawa sinurat sajrone teks sastra. Ing panliten iki panliti nggunakake pamawae Djoyosuroto amarga luwih gampang kanggo nggolongake katelu jinis pamaca kasebut.

Punjere pamerange pamaca miturut Djoyosuroto (2005:66) ing antarne: 1) reaksi sawijining reriptan sastra sing nduweni sesambungan karo pamacane; 2) reriptan sastra dadi konkrit lumantar proses panampane pamaca saengga ana kesan saka pamaca karo proses imajinasine; 3) imajinansi pamaca bisa dumadi kanthi anane (a) sesambungan kang raket karo reriptan sastra (b) bisa ngerteni kahanan ing wektu saiki lan sadurunge; 4) lumantar kesan, pamaca bisa ngandharake panampane lumantar reriptan sastra, sing awujud panyaruwe utawa bab kang dirembung ing reriptan kasebut.

Bab-bab wigati kang kudu digatekake sajrone panliten resepsi sastra ing antarane yaiku (1) kudu nggatekake nilai informasi teks, tegese sapira akehe sawijining teks menahi informasi marang pamaca, gumantung marang kawruhe pamaca nguwasani kode-kode sing digunakake sajrone teks, (2) prelu diteliti yen ana kode sastra kang sengaja dipanggonake ing ndhuwure kode linguistik. Kode iki wujud abstrak lan prelu ditafsirake kanthi jero. Pamaca prelu nggatekake konsep "teks sastra", (3) cundhuk karo panliten sing ora mung nengenake ing babagan teks yaiku pamaca, panliten iki uga minangka cara kang strategis tumrap panliten eksperimental. Mula saka kuwi panliten iki bisa nggunakake paradigma panliten antropologi. Kaya ta panliti bisa nggunakake modhel panliten fenomenologis lan etnografis. Ing kene bakal katon kepriye anggone pamaca bisa ngerteni kode-kode teks kanthi sakabehe, saengga bisa nuwuhake sesambungan kang endah antarane teks lan pamaca. Komunikasi teks karo pamaca bakal katon lumantar studi empiris, saengga respon ngenani bab sing dirasa gampang lan angel dening pamaca anggone ngerteni teks bakal katon uga Ing kene (Endraswara, 2006:118-119).

Struktural

Tintingan struktural nduweni tujuwan kanggo medharake lan njlentrehake kanthi premati, tliti, detail, lan njlimet ngenani sesambungan antarane sakabehing anasir lan aspek reriptan sastra kang bebarengan ngasilake makna karya sastra sawutuhe (Teeuw, 1988:135). Miturut Endraswara (2006:51) ngandharake yen panliten struktural luwih nengenake marang relasi anatarane unsur kang mbangun karya sastra. Andharan kasebut cetha yen tintingan struktural mono nduweni ancas kanggo nggoleki sesambungan antarane unsur-unsur wewangune reriptan sastra kang ndadekake makna karya ma dadi utuh. Tintingan struktural iki nduweni kakurangan. Sawijining karya mokal yen arep dipisahake karo bab-bab ing sanjabane reriptan mau, kaya ta unsur sosio-budaya, lan unsur sejarah (Nurgiyantoro, 2007:39). Mula saka iku, ing panliten iki panganggone tintingan iki kalarasake karo tintingan resepsi sastra. Struktur wewangune reriptan sastra kang bakal dirembug ing ngisor iki.

Paraga lan Wewatakane

Anane paraga lan wewatekane sajroning reription fiksi iku mujudake bab kang wigati. Reription fiksi kang mujudake reripan kreatif, mahanani pangripta nduweni kabebasan kanggo ngripta paraga kang diwenehi watak tartamtu kang laras karo karepe. Senajan kaya mangkono, paraga mau kudu urip kanthi cara lumrah kaya panguripane manungsa kang nduweni getih, daging, pikiran lan rasa pangrasa (Nurgiyantoro 2007:167).

Tema

Tema mujudake gagasan utama kang dadi topik lan tujuwane pangripta kang diwedhar marang pamaca (Semi 2008:42-43). Dene Stanton lan Kenny (sajroning Nurgiyantoro, 2007:67) negesi tema minangka makna kang kinandhut ana sawijining crita. Andharan saka rong panemu kasebut cetha yen tema iku mujudake gagasan kang dadi dhasare pangripta sajroning ngripta reription kang sabanjure dadi maknane crita kasebut.

Alur/ Plot

Alur mujudake salah sawijine saka unsur intrinsik wewangunan reription sastra. Staton (sajroning Nurgiyantoro, 2007:113) ngandharake plot yaiku urutaning kedadeyane crita, ananing saben-saben kedadeyan mau mung dumadi krana sesambungan sebab akibat. Miturut pamawase Semi (2008:43) ngandharake yen alur iku ngatur tumindak-tumindak kang sambung-sinambung, kedadeyan siji kang nduweni sesambungan karo kedadeyan liyane, gegambarane paraga lan dhapakane sajroning ngasilake kedadeyan kang sakabehe iku mau kaiket ing wektu.

Setting

Tegese *setting* luwih cundhuk marang teges panggonan, wektu lan lingkungan sosial nalika dumadine kedadeyan-kedadeyan kang dicritakake (Abrams sajroning Nurgiyantoro, 2007:261). Andhedhasar andharan mau bisa digagas yen *setting* sajroning reription sastra ora mung ateges papan panggonan lan wektu kaya gagasane wong akeh. Bab lingkungan sosial kang kagambarake sajroning crita sinebut kelir.

Lelandhesane Teori

Lelandhesane teori sing bakal digunakake sajrone panliten iki nggunakake tintingan resepsi sastra. Pamilihing teori mau kalarasake karo underane panliten kang wis katulis ing bab sadurunge. Teori resepsi ing kene nduweni tujuwan kanggo ngonceki kepriye pamawase pamaca tumrap crita rakyat Bojonegoro anggitane suharmono K iki. Teori resepsi kang digunakake kanggo ngonceki pamawase pamaca tumrap crita rakyat Bojonegoro PADW kang cundhuk karo pamawase Junus (1985:1) yen resepsi sastra yaiku kepriye carane pamaca menahi makna marang reription sastra kang diwaca, saengga bisa menahi reaksi utawa tanggapan marang reription sastra kasebut. Resepsi sastra ana wiwit taun 1970, tokoh resepsi sastra yaiku Makarovsky lan Vodicka (Junus, 1985:31). Resepsi sastra anggone ngonceki data adhedhasar saka pamerange pamaca. Pamerange pamaca kang digunakake sajrone panliten iki cundhuk karo pamawase pamawase Djoyosuroto (2005:64) kang

merang jinise pamaca dadi telung perangan, yaiku pamaca biyasa (masyarakat), pamaca ideal (mahasiswa) lan pamaca eksplisit (siswa).

Adhedhasar andharan mau sajrone panliten iki bakal diandharake pamawase pamaca tumrap crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K. Kanggo ngonceki pamawase pamaca tumrap crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K ing panliten iki kanthi luwih dhisik ngoceki strukture crita. Panliten iki pancen nggunkake tintingan resepsi sastra kang nengenake pamaca nanging kanggo ngonceki nilai moral crita rakyat PADW anggitane Suharmono K digunakake teori struktural. Teori struktural kang mandeng yen unsur pamangune reription sastra antarane siji lan sijine nduweni sesambungan lan mbentuk makna kang wutuh.

METODE PANLITEN

Panliten ngenani "*Nilai Moral Sajrone Crita Rakyat Bojonegoro Anggitane Suharmono K* mujudake panliten kualitatif ing panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif. Moleong (2008:6) njlentrehake panliten kualitatif yaiku panliten sing nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab sing dumadi dening subjek panliten kanthi holistic lan deskriptif sajrone wujud tembung-tembung lan basa ing sawijine bab sing mligi kanthi nggunakake maneka warna metode ilmiah. Selaras karo pamawase Moleong panliten iki kalebu panliten kualitati famarga panliten iki nintingi sawijine kadadeyan utawa *fenomena* sajrone karya sastra.

Sumber data kang utama sajroning panliten iki yaiku *crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K*.

Dene data sekundere yaiku pamaca crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K. Sumber data tambahan kang digunakake ing panliten iki arupa skripsi, lan buku-buku kang saemper karo objek lan underane panliten.

Instrumen sing digunakake sajrone panliten iki yaiku angket. Angket ing kene disebar supaya luwih gampang data dikumpulake lan dionceki.

Metode pangumpulan data kang digunakake ing panliten iki yaiku kanthi cara gabungan. Bisa diarani teknik pangumpulan data kanthi cara gabungan, amarga kang digunakake yaiku pangumpulan data kanthi cara observasi, pangumpulan data kanthi cara interview, lan pangumpulan data kanthi cara dokumentasi. Saliyane metodhe panliten uga ana teknik panliten. Teknik kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik nyebar angket, teknik maca, teknik nyathet, lan teknik *riset* kapustakan. Teknik angket digunakake kanggo mangerteni kaya apa pamawase pamaca crita rakyat Bojonegoro PADW. Teknik maca lan nyathet digunakake kanggo ngasilake dhata saka buku kang dadi landhesane panliten. Teknik *riset* kapustakan utawa teknik pangumpulan, mujudake sumber dhata kang tinulis.

Sawise nemtokake dhata kang arep dianalisis, banjur dhata-dhata kasebut dikumpulake sarana tata cara

tartamtu kang diarani tata cara ngumpulake dhata. Tujuwan utama yaiku ngumpulake sakabehe dhata kang bakal dionceki sajrone panliten. Tata cara ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku teknik studi kapustakan, maca, nyatet lan angket kanggo ndhudhah kapitayan ing masyarakat.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Nilai Moral kang Kinandhut sajrone Crita Rakyat Bojonegoro PADW Anggitane Suharmono K.

Nilai moral kalebu salah sawijine unsur pamangun karya sastra. Moral bisa dingerteni minangka sawijining bab kang pengin diandharake pangripta marang pamaca. Pamaca sajroning proses maca karya sastra ora mung oleh kasenangan nanging uga bisa ndhudhah piwulang ngenani panguripane manungsa karo sakabehing masalahe. Piwulang kang diwedhar lumantar reriptan sastra tansah ana sesambungane karo prinsip moral, kang ngrembug ngenani becik lan orane sipat lan tumindake manungsa. Bab kasebut selaras karo pamawae Supratno (2010:394) kang ngandharake nilai moral yaiku ajaran apik lan ala ngenani tata laku, kewajiban, akhlak, budi pakarti, utawa susila.

Crita rakyat salah sawijine wujud sastra kang wigati banget lan wis mesthi ing sajrone crita rakyat kebak nilai-nilai moral sing bisa digunakake kanggo ndhidhik para bocah. Bab kasebut nuduhake menawa buku crita rakyat kang diterbitake patut diwaca para bocah. Wacan kang katujokake kanggo bocah kudu nggunakake basa lan crita kang prasaja supaya para bocah bisa nampa nilai-nilai kang kinandhut ing sajrone crita. Bab kasebut selaras karo pamawase Nurgiyantoro (2010:35) yen sastra minangka *media* kang digunakake kanggo ngecakake, nuladhani, lan ngrembakakake nilai-nilai luhur kang ana gegayutane karo dhiri pribadhi, masyarakat, lan bangsa. Kabukti menawa sastra minangka wacan bocah, nyritakake crita kang bisa dingerteni dening para bocah. Crita rakyat Bojonegoro dicritakake kanthi nggunakake basa kang prasaja lan bisa dingerteni dening para bocah.

Ing crita rakyat Bojonegoro Prabu Angling Darma kang wicaksana kinandhut nilai moral kang bisa dituladhakake kanggo para bocah lan bisa dicakake ing urip padinan. Supaya luwih gamblang, nilai moral kasebut bakal dijlentrehake siji mabaka siji. Ing ngisor iki andharane.

Adil lan Wicaksana

Adil lan wicaksana kuwi ora bisa dipisahake. Kalorone tansah nduweni sesambungan amarga yen pawongan kuwi adil mula dheweke bisa sinebut wong kang wicaksana. Semono uga suwalike, yen pawongan kuwi wicaksana, wis mesthi pawongan kasebut uga bakal adil.

Ana rong paraga sajrone crita rakyat kasebut kang nduweni sipat adil lan wicaksana. Sepisan Paraga utama Prabu Angling Darma, dene paraga panyengkuyunge yaiku Raja Naga. Ing ngisor iki bakal kaandharake kanthi luwih cetha.

Prabu Angling Darma

Paraga kang dadi punjere crita rakyat Bojonegoro iki yaiku Prabu Angling Darma. Prabu Angling Darma mujudake paraga utama kang ngobahake plot (alur). Prabu Angling Darma uga mujudake paraga protagonis. Prabu Angling Darma iku minangka paraga utama protagonis sajroning cerita rakyat Bojonegoro PADW.

Crita rakyat Bojonegoro PADW nyritakake gegambarane sawijining raja kang nduweni tumindak adil lan wicaksana. Prabu Angling Darma lan Raja naga minangka paraga kang nggambarake kaloro tumindak kasebut.

Nalika Prabu Angling Darma lagi ana ing alas dheweke ngonangi putrine Raja naga sing lagi andon tresna karo ula tampar. Prabu Angling Darma menehi pitutur marang kalorone, nanging ula tampar minangka kekasihe putrine Raja naga malah ngajak tandhing Prabu Angling Darma. Sang Prabu kepeksa ngetokake pusakane amarga ula tampar kasebut ngajak tandhing. Pungkasane ula tampar mati kena pusakane Sang Prabu Angling Darma, banjur Sang Prabu menehi paukuman putrine Raja naga sing wis nerak tata krama. Prabu Angling Darma ngukum putrine Raja naga iku kanthi disabeti nganggo penjalin. Ing ngisor iki pethikan sing nuduhake bab kasebut. Gegambaran ngenani bab kasebut ana ing pethikan ngisor iki.

“...minangka ukuman, putrine Raja Naga mau banjur disabet nganggo penjalin dening sang Prabu.” (CRBG, 2007:10)

Tumindak Prabu Angling Darma kang wicaksana ndadekake dheweke begja nduweni ilmu aji gineng saka paraga panyengkuyung yaiku Raja Naga, sing ora liya bapake putri Raja naga. Ilmu kasebut minangka panuwune Raja naga amarga Sang Prabu wis tumindak bener marang apa kang ditindakake putrine sing wis nerak aturan. Yen tumindake putrine ora dikonangi dening Sang Prabu mula bakal saya nemoni aggone njejembari jagad lan bisa gawe wirang Raja naga. Raja naga sarujuk marang Prabu Angling Darma sing wis menehi paukuman marang tumindake putrine kasebut.

Raja Naga

Saliyane paraga Prabu Angling Darma uga ana paraga panyengkuyung liyane kang nuduhake tumindak adil lan wicaksana yaiku raja naga. Paraga Raja naga mujudake paraga tambahan protagonis. Senajan ora dicritakake saben sub bab, nanging Raja naga uga nduweni daya pangaribawa tumrap konflik sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW. Raja naga digambarake minangka paraga kang nduweni watak wicaksana lan cerdik. Nalika dicritani putrine sing arep dirudha peksa marang Prabu Angling Darma, Sang Raja naga nduweni kekarepan arep mateni Prabu Angling Darma. Kekarepane Raja naga ora ngono bae banjur ditindakake nanging dheweke nelsik dhisik supaya dheweke ora salah nindakake apa kang wis direncanakake. Sang Raja naga banjur budhal menyang kraton Malawapati kanthi memba-memba dadi brahmana lan nyilikake awake. Sawise iku Raja naga sesingidan ana ing ambene Prabu

Angling Darma. Ing ngisor iki pethikan kang nuduhake bab kasebut.

Sang Raja naga banjur budhal menyang malawapati kanthi memba-memba dadi brahmana. Nalika Raja naga is teka ing kraton Malawapati, banjur dadi naga maneh. Sawise iku awake banjur dicilikake, dadi cilik banget sauler gedhene. Raja naga banjur ndelik ana papan pesareyane Prabu Angling Darma. (CRBG, 2007:12)

Tumindak nelsik iku, kulinane ditindakake pawongan kang pinter nggunakake akale. Pethikan kasebut nuduhake yen Raja naga uga nindakake bab nelsik. Saliyane kuwi dheweke uga bisa mbedakake ngenani bab kang bener lan salah. Bab kasebut uga wis dadi kuwajiban becik minangka Raja utawa pamimpin kudu bisa mbedakake endi sing salah lan endi sing bener.

Jujur

Jujur yaiku sipat becik kang *dianjurake* dening agama. Miturut Srijanti, dkk (2007:89) ngandharake yen jujur iku bisa ditegesi anane kenyataan utawa keselarasan kang ana.

Sipat jujur sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW digambarake lumantar paraga Prabu Angling Darma. Kanthi gamblang andharan ngenani sipat jujure Prabu Angling Darma sajrone crita bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Prabu Angling Darma

Saliyane nduweni watek utawa sipat adil lan wicaksana, Prabu Angling Darma uga minangka paraga kang nduweni sipat becik yaiku jujur.

Nalika Sang Prabu ana ing alas, dheweke ngonangi utawa meruhi putrine Raja naga sing lagi andon tresna karo ula tampar ana ing sadhengah papan. Dening Sang Prabu kalorone dituturi, nanging kekasihe putri naga nyerang Prabu Angling Darma. Banjur Sang Prabu ngetokake pusakane. Ula tampar kasebut mati kena pusakane Sang Prabu, dene putri Raja naga diwenahi paukuman dening Sang Prabu yaiku disabeti nganggo penjalin.

Andharan kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Yayi Setyawati, nalika aku lagi mbebendhang ana alas, aku ketemu putrine Raja naga lagi pepasihan. Mosok putri naga Raja kok pepasihan ana sadhengah papan. Apa maneh kekasihe mau mung ula salumrah, lari angon. Iku jenenge lak murang tata, nerak angger-angger. Mula banjur daktimbali, nanging kekasihe ora trima banjur nyerang aku. Mula kepeksa dakpateni, dene putri naga Raja mau banjur daksabeti nganggo penjalin.” (CRBG, 2007:12)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa Prabu Angling Darma crita kanthi jujur marang Dewi Setyawati. Nalika kuwi Sang Prabu Angling Darma lagi saeran ana ing kamar karo garwane. Jujur prelu dicakake sajrone urip padinan. Jujur kuwi ora mung awujud tuturan nanging uga bisa dibuktekake lumantar tumindak. Kanthi

ngomong jujur mula *harga dhiri* ora bakal mudhun mung karana nuduhake bebener, malah pawongan bisa ngundhakake *harkat* lan *martabate* masiya jujur ngenani tumindak kang kurang apik.

Ngugemi Janji

Janji kuwi minangka utang sing kudu dibayar. Ngugemi janji yaiku salah sawijining sipat sing prelu diduweni dening saben pawongan, supaya wong tetep bisa percaya marang kita.

Gambaran paraga kang nduweni sipat ngugemi janji sajrone crita rakyat iki diwujudake sajrone paraga sing statuse Raja. Raja ing kene jenenge Prabu Angling Darma.

Prabu Angling Darma

Pangripta crita rakyat iki nggambarake sipat ngugemi janji lumantar paraga Prabu Angling Darma. Kabukti saka janjine dheweke marang Raja naga nalika diwenahi kawruh ngenani cecaturane sato kewan. Dheweke netepi janjine marang Raja naga yen ora bakal mbocorake cecaturane sato kewan marang sapa bae, kalebu bojone dhewe. Masia Sang Prabu didheseg garwane sing kepengin ngerti omongane cecak loro ing pojokan kamare, nanging Sang Prabu tetep puguh karo janjine utawa sumpahe. Adharan kuwi mau bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

Dewi Setyawati ora percaya, terus ndheseg marang Sang Prabu Angling Darma apa rerasane cecak iku. Nanging Prabu Angling Darma uga puguh ora kresa mblakakake. Prabu Angling Darma wis kadhung sumpah. (CRBG, 2007:14)

Pethikan ing ndhuwur cetha menawa Prabu Angling Darma kuwi minangka paraga kang nduweni sipat ngugemi janji. Prabu Angling Darma ora bakal ngandharake cecaturane sato kewan marang sapa bae, kalebu bojone dhewe. Dheweke tetep puguh marang janji utawa sumpahe. Pancen paraga Prabu Angling Darma iki paraga kang patut kanggo diconto. Kabukti sak sipst-sipst becik kang diduweni, kaya ta adil lan wicaksana, jujur, lan ngugemi janji.

Aja Grusa-Grusu

Manungsa iku minangka titahe Gusti kang paling sampurna. Manungsa kanugrahan akal pikiran lan rasa pangrasa. Apa kang dilakoni dening manungsa didhasarake marang akal lan rasa pangrasane mau.

Paraga kang nduweni tumindak ora grusa-grusu yaiku Raja Naga. ing ngisor iki pethikane.

Raja Naga

Paraga Raja naga mujudake paraga tambahan protagonis. Senajan ora dicritakake saben sub bab, nanging Raja naga uga nduweni daya pangaribawa tumrap konflik sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW. Raja naga digambarake minangka paraga kang nduweni watak wicaksana lan cerdas. Saliyane kuwi raja naga uga minangka paraga kang tansah ngati-ati angggone tumindak.

Raja naga kang ora grusa-grusu karo karepe yaiku arep mateni Prabu Angling Darma amarga naga

raja oleh wadulan saka putrine kang arep diruda peksa marang Sang Prabu. Raja naga banjur menyang kraton Malawapati kanthi memba-memba dadi brahmana. Gegambaran ngenani bab kasebut bakal kaandharake kanthi luwih gamblang lan cetha sajrone pethikan. Ing ngisor iki pethikane.

“Oh, kok kurang ajar temen Angling Darma. Wis, menenga anakku. Entenana, takpateni Prabu Angling Darma. Wis, aja susah!”

Sang Raja Naga banjur budhal menyang Malawapati kanthi memba-memba dadi brahmana. Nalika Raja naga wis teka ing kraton Malawapati, banjur bali dadi naga maneh. Sawise iku awake banjur dicilikake, dadi cilik banget sauler gedhene. Naga raja banjur sesingidan ana papan pesareyane Prabu Angling Darma. (CRBG, 2007:12)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Raja naga arep mateni Prabu Angling Darma, nanging dheweke ora grusa-grusu nindakake kekarepane kuwi. Raja naga nelsik luwih dhisik apa kang dumadi sabenere. Raja naga tumindak kaya mangkono ora ateges dheweke ora percaya marang apa kang dicritakake dening anake. Minangka Raja, Raja naga kalebu Raja sing pinter nggunakake akale. Nalika budhal menyang kraton Malawapati Raja naga malih wujud dadi brahmana. Banjur sawise teka kraton, Raja naga bali dadi naga maneh. Dheweke banjur nyilikake awake dadi cilik banget kaya uler. Sawise iku Raja naga sesingidan ana ing papan pesareyane Prabu Angling Darma.

Resepsi Pamaca Crita Rakyat Bojonegoro PADW Anggitane Suharmono K.

Kaya kang wis diandharake ing bab II, Resepsi sastra mujudake panliten sastra sing munjerake marang proses sesambungan antarane teks lan pamaca. Resepsi sastra asale saka basa latin, yaiku saka tembung *recipere* sing tegese nampa utawa ngrasakake reription sastra kang dirasakake dening pamaca (Endraswara, 2006:118).

Djojuroto (2005:64) merang jinise pamaca dadi telu yaiku pamaca biyasa, pamaca ideal lan pamaca eksplisit. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake siji mbaka siji pamerange pamaca kasebut.

Pamaca Biyasa

Pamaca biyasa yaiku pamaca kang maca karya sastra mung sadarma kanggo panglipur dhiri, dudu digunakake kanggo panliten. Lima pamaca kasebut yaiku masyarakat Bojonegoro.

Siti Aminah

Informan sing nomer loro yaiku Siti Aminah. Panjenengane iki asli masyarakat Bojonegoro. Informan iki uga mangerteni yen crita rakyat Prabu Angling Darma kang Wicaksana kasebut kalebu crita rakyat Bojonegoro, nanging informan durung mangerteni critae kanthi jangkep. Sawise maca crita kasebut, informan iki uga nduweni pamawas kang padha karo informan sing kapisan. Miturut informan crita rakyat Prabu Angling Darma kang Wicaksana iki crita rakyat kang narik kawigaten kanthi pamawas ana Raja kang nduweni budi

bawa leksana. Informan uga ngandharake rumangsa seneng amarga crita kasebut menehi informasi ngenani asal-usul Bojonegoro lan saka crita kasebut informan bisa ngerti kepriye critane Prabu Angling Darma.

Miturut Siti Aminah, basa kang digunakake sajrone crita gampang dingerteni amarga pangripta nggunakake basa Jawa sing ana ing padinan, masia ana saperangan tembung sing durung dingerteni tegese dening informan. Informan uga ngandharake menawa kamus kecil kang dicepakake pangripta dirasa perlu ditambah tembung-tembung kang angel dingerteni supaya nggampangake pamaca anggone ngerteni critane. Nalika wawanrembug karo informan ngenani unsur-unsur pamangun crita rakyat informan isih kangelan anggone ngerteni tema lan mbedakake wewatekan paraga sajrone crita.

Adhedhasar angket crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K kang diisi dening informan bisa didudut yen crita rakyat Bojonegoro PADW menehi panglipur lan kawruh tumrap pamaca. Kawruh kasebut arupa asal-usul kutha Bojonegoro lan crita ngenani Prabu Angling Darma. Wiwitane para informan kang durung padha ngerti kepriye crita Prabu Angling Darma saiki dadi ngerti sawise maca critane lan ngisi angket panliten.

Herry Abdi

Pamaca biyasa kang pungkasan yaiku Pak Herry Abdi. Panjenengane yaiku sawijining pawongan kang pakaryane dadi perangkat desa Saturejo kang manggon ana kecamatan Baureno-Bojonegoro. Informan kasebut bisa makili pamaca biyasa amarga dheweke maca reription sastra amung digawe kasenangan utawa panglipur dhiri. Panjenengane uga *aktif* melu pakumpulan PSJB (Pamarsudi Sastra Jawa Bojonegoro. Panjenengane asring dikudang Pak Carik.

Nalika maca crita rakyat Bojonegoro, Pak Carik wis nduweni pangira-ira menawa crita kasebut ditujokake kanggo bocah. Apa kang diandharake informan mau adhedhasar basa kang digunakake pangripta sajrone nulis crita rakyat Bojonegoro Prabu Angling Darma kang Wicaksana. Miturut informan basa kang digunakake sajrone crita rakyat menawaditujokake kanggo para bocah SMP lan SMA wis trep. Basane ora patiya angel tur kanthi anane cethangan ing wasanane crita uga migunani banget kanggo pamaca sing durung ngerteni tembung-tembung sing dirasa angel sajrone crita. Sejatine basa kang digunakake dening pangripta isih ana saperangan sing nggunakake basa Indonesia, nanging kuwi ora dadi ngapa. Saliyane iku kanthi anane irah-irahan kang diponotho-pontho saben wose crita ndadekake pamaca gampang anggone ngeling-eling critane.

Informan kang yuswane 45 taun iki ngandharake menawa crita rakyat Bojonegoro PADW kasebut narik kawigaten, amarga bisa nambahi kas-kayaning budaya ing Bojonegoro. Masia crita kasebut ora kalebu ing sejarah, nanging crita Prabu Angling Darma urip ing kalanganing warga Bojonegoro. Informan uga ngandharake yen tema sajrone crita kasebut gampang dingerteni yaiku ngenani kasetyan, kabukti saka pacelathone Prabu Angling Darma lan Dewi Setyawati minangka poin kang wis nyakup sakabehe, lan ing

pungkasane crita Dewi Setyawati wis mbuktekake kasetyane marang Prabu Angling Darma kanthi pati obong.

Informan pancen ora patiya kenal sapa Suharmono K, nanging informan tau maca salah sijine karya reriptane Suharmono K. Miturut informan Suharmono seneng ngripta crita kang horor. Informan uga menehi pamawas kanthi anane crita rakyat Bojonegoro kang awujud tulis kasebut mbuktekake menawa crita rakyat PADW kabukti crita rakyat Bojonegoro amarga ing pungkasan crita ana crita kang negesake asal-usule jeneng tlatah Bojonegoro saka tembung bojo lan negara.

Adhedhasar angket crita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K kang diisi dening informan bisa didudut yen crita rakyat kasebut narik kawigaten pamaca lan bisa nambahi kawruhe pamaca ngenani crita rakyat kang ana ing Bojonegoro. Cita rakyat kasebut uga trep banget menawa ditujokake kanggo para siswa SMP lan SMA amarga basa kang digunakake dening pangripta gampang dingerteni dening pamaca. Basa kang digunakake prasaja lan ora mbingungake.

Pamaca Ideal

Pamaca ideal yaiku pamaca kang maca karya sastra kanthi tujuwan karya sastra kang diwacabisa digunakake panliten. Ing kene informan kang digunakake cacahé ana lima. Informan lima mau saka golongan akademik/ mahasiswa.

Fahrin Wulandari

Pamaca ideal kang sepisan yaiku Fahrin Wulandari. Informan kasebut kalebu pamaca ideal amarga informan minangka mahasiswa semester akhir kang wis tau entuk kwruhan lan piwulangan ngenani sastra sajrone kuliahé. Panliti kasebut uga lagi ngliti nilai moral nanging beda sumber datane, dheweke ngliti nilai moral kang kinandhut sajrone lagu dolanan dene panliti nggunakake sumber data saka antologi crita rakyat Suharmono K.

Adhedhasar angket crita rakyat Bojonegoro PADW kang bubar diisi pamaca lan nglumpuk tanggal 10 Juni 2014, miturut informan kang narik kawigaten saka crita rakyat Bojonegoro PADW yaiku nyritakake ngenani asal-usul sawijining papan yaiku tlatah Bojonegoro. Cita rakyat Bojonegoro PADW miturut informan nduweni kualitas ing babagan basane kang gampang dingerteni saengga nilai-nilai moral kang kinandhut bisa dingerteni dening pamaca kanthi sumirat. Nalika maca judhule crita kasebut informan wis ngerti kepriye critane *Prabu Angling Darma kang Wicaksana*, nanging dheweke durung ngerteni kawicaksanan kepriye kang dikarepake dening Suharmono K. Sawise maca critane pamaca kasebut banjur ngerteni yen tema sajrone crita rakyat kang diwaca yaiku ngenani kawicaksanan.

Informan njlentrehake sajrone crita mesthi kinandhut nilai lan amanat. Semono uga sajrone crita rakyat Bojonegoro uga kinandhut nilai moral ing antarane kawicaksanan. Saka kawicaksanane paraga Angling Darma bisa dadi patuladhan kanggo para bocah, para mudha, lan wong tuwa. Kawicaksanan prelu dicakake ing urip padinan supaya urip lumaku kanthi bener lan bisa mungkasi sakabehe masalah kanthi wicaksana.

Adhedhasar angket crita rakyat Bojonegoro *Prabu Angling Darma kang wicaksana* utawa bisa dicekak PADW bisa didudut menawa crita sing apik kuwi crita sing kebak nilai-nilai. Nilai-nilai kang kinandhut sajrone crita bisa dicakake ing urip padinan lan bisa kanggo ndhidhik para bocah.

Rohyana Marga Setyaning Arum

Pamaca ideal nomer loro yaiku Rohyana Marga Setyaning Arum. Informan kang statusé mahasiswa semester akhir iki ngandharake menawa crita rakyat kasebut narik kawigaten lan nduweni kualitas amarga masalah sing dicritakake kompleks. Yen diwawas saka judhule ana tembung “wicaksana”, informan ngira-ngira kepriye wicaksana sing dikarepake dening pangripta sajrone crita. Alur critane uga runtut saengga gampang dingerteni nalika maca critane. Saliyane kuwi akeh pesen moral sing bisa dijupuk saka crita kasebut. Informan uga ngandharake menawa sawise maca crita rakyat kasebut kwruhe nambah lan bisa ndudut menawa temane crita rakyat PADW yaiku ngenani kawicaksanan.

Informan sing saiki ngancik 22 taun menehi pambiji ngenani basa kang digunakake gampang dingerteni amarga nggunakake basa ngoko lan krama sing kerep digunakake cecaturan ing saben dina. Undag-undagane basa kang digunakake pangripta bisa digunakake kanggo ndhidhik para bocah. Kaya ta cecaturane putrine Raja naga marang bapake. Informan uga ngandharake crita kasebut gampang dimangerteni, critane singkat saengga kanggo pamaca sing lagi maca crita kasebut bakal gampang dingerteni maksude.

Miturut informan crita rakyat kasebut yen ditujokake kanggo siswa SMP lan SMA trep banget amarga ana nilai moral sing bisa dijupuk. Kaya ta aja ndadekake perkara sepele dadi gedhe. Bab kasebut kaya kang digambarake dening paraga Dewi Setyawati sing arep pati obong amarga ora diwenahi weruh ngenani cecaturane cecak dening Prabu Angling Darmo, kudu tansah ngugemi sumpah sing dipocapake, kudu tansah Setya tuhu lan liya-liyane. Informan uga ngandharake menawa dheweke uga tau maca karyane Suharmono kang awujud puisi utawa geguritan. Akeh-akehe karyane Suharmono nyritakake ngenani urip-panguripan ing donya. Karya sastra kang diripta dening Suharmono gampang dingerteni isine.

Adhedhasar asil angket kang diisi dening informan, bisa didudut menawa crita rakyat Bojonegoro anggitane Suharmono akeh pigunane mligine kanggo para bocah amarga akeh nilai moral kang bisa dijupuk. Saliyane iku masalah-masalah sajrone crita kompleks lan ndadekake crita kasebut nduweni kualitas. Masalah-masalah sajrone crita uga akeh dumadi ing urip kanyatan.

Pamaca Eksplisit

Pamaca eksplisit yaiku pamaca kang dituju reriptan sastra kanthi sumirat utawa sinurat sajrone teks sastra. Pamaca sing digunakake ing kene yaiku pamaca saka golongan akademik/ siswa SMP.

Fonita Ayu Safriana

Informan iki kalebu pamaca eksplisit, amarga informan iki minangka informan kang dituju reripatan sastra. Saliyane kuwi dheweke minangka siswa kelas 2 SMP kang wis tau diwenahi piwulangan ngenani

nemokake unsur intrinsik sajrone prosa rakyat. Informan kang lair 14 taun kapungkur iki senengane maca nanging dheweke durung tau maca cita rakyat Bojonegoro iki, informan mung ngerti yen cita rakyat Angling Darma iki asale saka Bojonegoro. Miturut informan cita rakyat Bojonegoro PADW iki mujudake cita rakyat sing narik kawigaten, sing nyebabake cita rakyat Bojonegoro PADW narik kawigaten yaiku Prabu Angling Darma duweni bab kawruh pacelathone sato kewan. Informan njlentrehake sapa sing maca cita rakyat iki bakal penasaran kepengin ngerteni kepriye bacute critane.

Miturute informan cita rakyat Bojonegoro PADW iki mujudake cita kang apik. Cita rakyat iki menehi kawruh marang informan ngenani kepriye critane Angling Darma, Informan kasebut sadurunge durung ngerti kepriye critane Angling Darma. Pranyata sawise maca critane dheweke dadi ngerti kepriye critane. Dheweke uga mangerteni yen Prabu Angling Darma iku minangka Raja kang wicaksana.

Asil saka angket kang diisi dening informan yaiku cita rakyat Bojonegoro narik kawigaten amarga wis menehi kawruh ngenani kepriye critane Prabu Angling Darma lan asal-usul jeneng Bojonegoro. Dadi, wacan cita rakyat nduweni piguna tumrape bocah yaiku kanggo mangerteni salah sawijining asil budaya dhaerah kang patut diuri-uri supaya tansah ngrembaka.

Dita Dwi Rahmawati

Pawongan nomer loro kang dadi informan saka wacan bocah cita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K yaiku Dita Dwi Rahmawati. Dita minangka informan kang ngancik 3 SMP iki menehi pambiji marang cita rakyat Bojonegoro kang wis bubar diwaca. Miturut informan kang saiki umure lagi 14 taun iki ngandharake menawa cita rakyat Bojonegoro PADW iki narik kawigaten. Dheweke ora njlentrehake apa kang ndadekake cita kasebut narik kawigaten nanging dheweke mung ngandharake menawa cita kasebut narik kawigaten.

Informan durung patiya ngerti anggane menehi pambiji ngenani riptan sastra, kabukti saka angket kang disi. Akeh-akehe dheweke mung menehi tandha cethang bae sajrone ngisi angket tanpa menehi katrangan ing ngisore. Kayata pitakonan nomer 5 sajrone angket yaiku apa tema sajrone cita rakyat kasebut ana ing urip padinan? Ing kene informan mung menehi tandha cethang bae sajrone mangsuli pitakonan, kamangka panliti wis nyepakake panggonan kanggo menehi katrangan sebab apa dheweke menehi cethangan kasebut.

Informan njlentrehake ana papat nilai moral kang bisa dijupuk saka cita rakyat kasebut. Nilai moral kasebut ing antarane dadi pemimpin kuwi kudu bijaksana, aja tumindak sakerepe dhewe, lan aja nindakake tumindak-tumindak kang ora salumrahe. Informan njlentrehake tumindak kang ora salumrahe iku tumindak kang ditindakake paraga Dewi Setyawati yaiku amung prakara cilik bae nganti ngalkoni tumindak pati obong.

Adhedhasar angket kang diisi dening informan bisa didudut menawa cita rakyat Bojonegoro PADW ngandhut nilai-nilai moral kang akeh. Bab kasebut kabukti saka angket kang diisi dening informan.

Minangka bocah SMP kuwi wis apik bisa nemokake nilai moral sajrone cita kang cacah luwih saka telu, masia ana saperangan pitakonan mung diwenehi cethangan bae tanpa anane katrangan kang ngandharake cethangan kasebut.

Adhedhasar angket kang diisi dening informan bisa didudut menawa cita rakyat Bojonegoro PADW anggitane Suharmono K narik kawigaten amarga saka cita kasebut pamaca bisa ngerteni critane Angling Darma kanthi jangkep lan sajrone cita uga kinandhut nilai moral.

Adhedhasar angket kang diisi dening telung perangan pamaca sajrone resepsi sastra, yaiku: (1) pamaca biyasa; (2) pamaca ideal; (3) pamaca eksplisit. Panliti bisa menehi dudutan, kaya kang bakal kaandharake ing ngisor iki.

- 1) Cita rakyat Bojonegoro PADW minangka cita kang narik kawigaten amarga nyritakake ngenani Raja kang nduweni sipat becik yaiku wicaksana lan nyritakake ngenani asal-usul sawijining papan.
- 2) Sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW kebak nilai moral kang bisa dadi patuladan kanggo nglakoni urip ing sabendinane, masia critane kasebut kalebu cita sing cekak banget.
- 3) Tema lan nilai moral sajrone cita yaiku kawicaksanan.
- 4) Basa kang digunakake gampang dingerteni dening para pamaca nanging yen digunakake kanggo piwulangan ing sekolah kurang trep amarga ana saperangan ukara kang nggunakake basa campuran antarane basa ngoko, basa krama, lan basa Indonesia.
- 5) Pamaca biyasa anggane menehi pambiji marang cita rakyat Bojonegoro PADW luwih nengake ing bab nilai morale yaiku adil lan wicaksana.
- 6) Pamaca ideal bisa ndeleng saka maneka pamawas. Bisa ndudut gambaran sing ana sajrone cita rakyat kasebut ora mung winates ing nilai moral mligine kawicaksanane Prabu Angling Darma. Saliyane kuwi njlentrehake unsur-unsur kang ana sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW kanthi gambang. Ora mung nilai moral, nanging tema, paraga, alur, lan latar kanthi runtut.
- 7) Pamaca eksplisit nduweni pamawas sing meh padha karo pamaca ideal nanging rada kangelan kanggo njlentrehake luwih jero. Pamaca eksplisit uga menehi gambaran nilai moral kang ana sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW, nanging ora kanthi jero kaya dene pamaca ideal. Pamaca eksplisit menehi pambiji mung winates ing kawruh sing diduweni.

PANUTUP

Bab V iki mujudake perangan pungkasan sajrone panliten. Perangan iki ngandharake rong perkara, yaiku dudutan saka andharan kang dadi wangsulan saka underane panliten lan pamrayoga.

5.1 Dudutan

Adhedhasar asile njlentrehake pamawase pamaca sajrone cita rakyat Bojonegoro PADW kanthi tintingan

resepri sastra bisa didudut rong perangan. Sepisan, wujud nilai moral kang ana sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW ana pitu yaiku 1) adil lan wicaksana; 2) jujur; 3) ngugemi janji; 4) ora grusa-grusu; 5) aja ndadekake prakara cilik dadi gedhe; 6) patrape pemimpin kang becik; 7) setya marang garwa. Kapitu nilai moral mau bisa didadekake patuladhan kanggo nggulawentah para bocah supaya nindakake tumindak becik, tata lakune apik lan semono uga akhlake.

Kapindo, resepsine pamaca marang crita rakyat Bojonegoro PADW. Pamaca kang digunakake sajrone panliten iki diperang dadi telu yaiku pamaca biyasa (masyarakat), pamaca ideal (mahasiswa), lan pamaca eksplisit (siswa). Cacahe pamaca saben perangan ana lima. Adhedhasar panliten kang nлити pamawase pamaca saka telung perangane pamaca mau tumrap crita rakyat Bojonegoro PADW, mula bisa didudut yen pamaca biyasa 1) cara crita rakyat Bojonegoro PADW minangka crita kang narik kawigaten amarga nyritakake ngenani Raja kang nduweni sipat becik yaiku wicaksana lan nyritakake ngenani asal-usul sawijining papan; 2) kebak nilai moral kang bisa dadi patuladhan kanggo nglakoni urip padinan, masia critane kasebut kalebu crita sing cekak banget; 3) tema lan nilai moral kang paling onjo sajrone crita yaiku kawicaksanan; 4) basa kang digunakake gampang dingerteni dening para pamaca nanging yen digunakake kanggo piwulangan ing sekolah kurang trep amarga ana saperangan ukara kang nggunakake basa campuran antarane basa ngoko, basa krama, lan basa Indonesia; 5) Pamaca biyasa anggone menehi pambiji marang crita rakyat Bojonegoro PADW luwih nengenake ing bab nilai morale yaiku adil lan wicaksana; 6) Pamaca ideal bisa ndeleng saka maneka pamawas. Bisa ndudut gambaran sing ana sajrone crita rakyat kasebut ora mung winates ing nilai moral mligine kawicaksanane Prabu Angling Darma. Saliyane kuwi njlentrehake unsur-unsur kang ana sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW kanthi gambang. Ora mung nilai moral, nanging tema, paraga, alur, lan latar kanthi runtut; 7) Pamaca eksplisit nduweni pamawas sing meh padha karo pamaca ideal nanging rada kangelan kanggo njlentrehake luwih jero. Pamaca eksplisit uga menehi gambaran nilai moral kang ana sajrone crita rakyat Bojonegoro PADW, nanging ora kanthi jero kaya dene pamaca ideal. Pamaca eksplisit menehi pambiji mung winates ing kawruh sing diduweni.

5.2 Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Sejatine isih akeh karya-karya sastra kang bisa ditintangi kanthi tintinganresepsisastra iki. Panliten ngenani resepri sastra isih prelu ditindakake kanggo mangerteni pamawase pamaca sajrone reription sastra mligine sastra Jawa.

Panliten resepri sastra sajrone genre sastra isih prelu ditindakake kanggo mangerteni resepsine pamaca saka maneka perangane pamaca. Saliyane crita rakyat panliti sabanjure uga bisa nindakake panliten ngenani resepri sastra sajrone puisi utawa

guritan. Asile panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi.

KAPUSTAKAN

- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama
- Djoyosuroto, Kinayati. 2005. *Puisi Pendekatan dan Pembelajaran*. Bandung: Nusantara
- Junus, Umar. 1985. *Resepsi Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia
- K, Suharmono. 2007. *Crita Rakyat Bojonegoro*. Jakarta: PT. Grasindo
- Nurgiantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta. University Press.
- Nurgiantoro, Burhan. 2010. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2010. *Beberapa Teori Sastra, Motede Kritik, Dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Siswanto, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Grasindo
- Srijanti, dkk. 2007. *Etika Membangun Masyarakat Islam Modern*. Yogyakarta: Graha Ilmu.